

RINGKESAN

Novi Nurdinasari. 2018. Babandingan Media Pepelakan Areng Huut Jeung Tanpa Media Kana Hasil Pelak Kangkung Darat (*Ipomoea reptans* Poir) Ngagunakeun Sistem Hidroponik NFT (*Nutrient Film Technique*). Dibimbing sareng Dr. Hj. Mia Nurkanti, M.Kes. jeung Cita Tresnawati, M.Pd.

Panalungtikan dilaksanakeun pikeun mikanyaho babandingan média pepelakan areng huut (arang sekam) jeung tanpa média kana hasil pelak kangkung darat kalayan ngagunakeun sistim hidroponik NFT (*Nutrient Flm Technique*). Panalungtikan dilaksanakeun ti mimiti 15 Juli 2018 nepi ka 04 Agustus 2018 di Désa Jatiéndah Kacamatan Ciléngkrang Kabupatén Bandung Jawa Barat. Dumasar data ti pihak Désa Jatiéndah anu nétélakeun yén Désa Jatiéndah mangrupa wewengkon pasir 700méter tina beungeut cai. Hawana aya dina sabudeureun 19⁰C–23⁰C. Rata-rata curah hujan 2500 mm/taun sarta tingkat kalembaban aya dina kisaran 60%–98%. Panalungtikan disusun dumasar Rancangan Acak Lengak (RAL) kalayan ngagunakeun 2 (dua) cara, nya éta média pepelakan areng huut (arang sekam) jeung tanpa média, anu dilaksanakeun nepi ka 16 (genep welas) kali balikan dina unggal uji cobana. Sampel anu ditalungtik nya éta pelak kangkung anu disimpen dina média pepelakan areng huut (arang sekam) jeung anu teu maké média pelak kalayan ngagunakeun sistim hidroponik NFT nepi ka 32 (tilu puluh dua) conto tina dua média anu béda. Hasil panalungtikan ngébréhkeun, yén pelak kangkung tanpa média ngagunakeun sistim hidroponik NFT leuwih alus hasilna tibatan anu ngagunakeun média pepelakan areng huut (arang sekam). Ari sababna nya éta, cara ngakar dina pelak kangkung merlukeun nutrisi langsung dina sistim hidroponik, tibatan anu ngagunakeun média pepelakan areng huut (arang sekam). Ku cara hidroponik, akar kangkung leuwih gancang narima nutrisina, nepi ka hasil panénna jauh leuwih nyugemakeun.